हमनी के छोरी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई,
तु ही त हउ मोहे महतरिया नु हो,
कईसे करी हम बिदाई,
हमनी के छोड़ी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई।।

बड़ा रे जतनवा से मुरुती बनावनी,
मूर्ति बनायीं हम तोहके बुलवनी,
बड़ा रे जतनवा से मुरुती बनावनी,
मूर्ति बनायीं हम तोहके बुलवनी,
थर थर कापत ता सरिरिया नु हो,
कईसे मुरुती उठाई,
तु ही त हउ मोहे महतरिया नु हो,
कईसे करी हम बिदाई,
हमनी के छोड़ी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई।।

तोहरे चरनिया में लेयेनी आशिर्बदवा,
छोर के तू काहे जालू बेटा के घरवा,
बन गेलु आँखी के पुतरिया नु हो,
कैईसे तोहे बिसरायीं,

तु ही त हउ मोहे महतरिया नु हो,
कईसे करी हम बिदाई,
हमनी के छोड़ी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई।।

नवदीन निरखे माई सब सूख पवनी,
तोहरे चरनिया में नेहियाँ लगवनी,
नवदीन निरखे माई सब सूख पवनी,
तोहरे चरनिया में नेहियाँ लगवनी,
तोहरे पर हमनी के पगारिया नु हो,
हरदम लजिया बचायी,
तु ही त हउ मोहे महतरिया नु हो,
कईसे करी हम बिदाई,
हमनी के छोड़ी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई।।

हमनी के छोरी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई,
तु ही त हउ मोहे महतरिया नु हो,
कईसे करी हम बिदाई,
हमनी के छोड़ी के,
नगरिया नु हो,
कहवा जयेबू ए माई।।

Singer / Upload Rupesh Choudhary
7004825279

Source: https://www.bharattemples.com/hamni-ke-chodi-ke-nagariya/

Complete Bhajans Collections - Download Free Android App
https://play.google.com/store/apps/details?id=com.numetive.bhajans

Facebook: https://www.facebook.com/bharattemples/
Telegram: https://t.me/bharattemples
Youtube: https://www.youtube.com/channel/UC24oJCxZJyhhKzSUD-Lt9Tw